DEPATMAN DETA NYS - DIVIZYON SÈVIS LISANS

PRATIK KWAFÈ
LIS MATERYÈL POU EGZAMEN

Depatman Deta Eta Nouyòk, Divizyon Sèvis Lisans, One Commerce Plaza, PO Box 22001, Albany, NY 12201-2001

Li rekòmande pou ou mete founiti ou yo nan sache plastik ki ka sele, gwoupe epi make pou chak pwosedi respektif. Pwodui sa yo ta dwe rete nan sak transpò w la oswa nan veso plastik ou a jiskaske ou bezwen yo pou fè chak pwosedi epi jan yo ba w enstriksyon yo (pou konfò w, nou sijere w konsidere yon sistèm vwayaj a woulèt). Tout zouti/ekipman yo ta dwe dezenfekte/netwaye anvan yo anbale yo. Founiti ki fèt pou yon sèl itilizasyon yo ta dwe nèf/pa itilize. **Pwodwi ki pa oblije nan veso orijinal yo dwe make an angle epi yo ka make tou nan yon lòt lang ou chwazi.** (Remak: Tout zouti byen file yo dwe transpòte nan yon veso rijid ki make 'pwòp'. Yo dwe retire tout zouti yo nan yon veso rijid ki make 'sal'.
ENPÒTAN: Si ou rive nan lokal egzamen an apre lè kòmansman ki espesifye a, yo p ap admèt ou nan egzamen an epi w ap pèdi frè egzamen an.

******Tanpri pote pwòp plim ou pou w siyen nan egzamen an******

Aparans Pwofesyonèl, Preparasyon Espas Travay la ak Preparasyon Kliyan an (10 minit)

APARANS PWOFESYONÈL

☐ Djakèt kwafè pwòp pou mete sou chemiz oswa rad
Sijesyon: Evite pote oswa mete bagay ki asosye w ak yon lekòl, yon salon, oswa nenpòt lòt afilyasyon.
Rapèl: Pou rezon sekirite, ou oblije mete soulye fèmen ak talon fèmen ki kouvri do pye a epi ki fèt ak yon materyèl ki pa fasil pou pèse (remak: materyèl tankou twal pa akseptab).

PREPARASYON KLIYAN (MANNKEN): ***Pa vin ak modèl kote se yon moun – Manneken Sèlman***
ENPÒTAN: Si mannken w lan pa responsab kondisyon yo jan yo tabli a, y ap revoke w otomatikman. Tanpri sonje nou pa rekòmande pou w mete cheve ki pi long oswa cheve ki depase minimòm 2 pous obligatwa a paske kandida yo ka rankontre difikilte ak pou l koupe cheve a. *Tanpri sonje ou pa ka itilize cheve ki bezwen atache oswa fikse ak mannken an.*

☐ Mannken (teksti cheve w chwazi; pa gen bab nan figi) – Dwe gen yon tèt ki chaje ak cheve (minimòm 2 pous longè); cheve mannken nan ka bezwen koupe davans (anvan egzamen an) nan yon longè ki apwopriye pou pwosedi yo mande yo.
REMAK: Ou p ap fè yon vrè bab; w ap fè yon demonstrasyon bab sou mannken an.
☐ Kranpon kontwa pou byen sere mannken (pa gen sipò atè ki otorize)
(Remak: Si klanms ou a pa gen yon kouvèti pwoteksyon, tanpri pote yon twal pou lave, yon sèvyèt, oswa nenpòt lòt
baryè pou mete anba klams pou pwoteje kontwa a)
☐ Kouvèti pou koupe cheve ak/oswa kouvèti pou chanpou (klips kwafè pou byen fèmen kouvèti a - se yon opsyon); longè redui otorize
☐ Bann pou kou ak/oswa sèvyèt (15” x 25/26”)

PREPARASYON ESPAS TRAVAY LA:

☐ Solisyon dezenfektan EPA apwouve nan anbalaj orijinal ki gen etikèt la (li ka likid, spre, ti sèvyèt mouye, elt.) –
Remak: Ou dwe achte dezenfektan likid ki deja melanje.
☐ Sèvyèt pou jete oswa sèvyèt twal (pou siye sifas la sèk)
☐ Netwayaj vit - pa obligatwa (pou netwaye miwa nan estasyon an)
☐ Sak plastik pou bagay ki ka jete/fatra
☐ Kole tep pou tache sak fatra a nan zòn travay la

MATERYÈL JENERAL POU ENSTALASYON:

Remak: Yo p ap pèmèt ou itilize ti bwat pou sèvyèt cho pandan egzamen an.

☐ Boutèy dlo spre (ranpli davans), byen make (nou rekòmande pou w pote yon lòt boutèy dlo tou paske nou pa ka garanti disponiblite dlo)

☐ Dezenfektan pou men ki gen 60% alkòl oswa plis (nan boutèy/distribitè orijinal oswa nan pake a) – pou itilize pandan tout egzamen an

☐ Twal mouye ak alkòl oswa spre dezenfektan pou materyèl (pou egzamen; pou itilize si zouti a kontamine)

☐ Yon veso plastik solid (di) (ki gwo ase pou mete ti sizo/sizo ak razwa) ak yon sachè plastik ki ka fèmen (pou si ta gen san ki koule), ki make 'blood contamination (kontaminasyon san)'.

☐ Twous Premye Swen: Bandaj adezif (2-3) ak gan pwoteksyon moun ka jete nan yon sachè plastik ki ka fèmen epi ki make 'First Aid' (Premye Swen) (ou ka mete yo anndan yon veso solid)

☐ Spatil (pou retire pwodui nan resipyan yo jan sa nesesè) – [Remak: Si pòsyon yo nan resipyan ki fèt pou yon sèl itilizasyon epi yo jete yo, ou p ap bezwen spatil.]

W ap bezwen tou:

☐ Yon veso ki kouvri epi ki make 'clean (pwòp)' pou transpòte zouti (sizo, lam, peny, lam tondez detachab, elt.)

☐ Yon veso ki kouvri epi ki make 'dirty (sal)' pou transpòte zouti ki te itilize apre egzamen an (sizo, lam, lam detachab pou koupe cheve, elt.); ou ka mete sizo yo nan bwat orijinal yo, men ou dwe flite yo anvan ak dezenfektan pou lam

Teknik Pou Koupe Cheve (30 minit)

Remak: Nou pa pèmèt itilizasyon kontou/arebò pou itilize nan egzamen sa a.

☐ Ti sizo/sizo pou koupe cheve (de pè ap nesesè si w ap demontre koupe cheve ak machin alamen sou cheve ki rèd)

☐ Sizo pou melanje/eklèsi - se yon opsyon (Remak: Itilize ti sizo alamen pa apwopriye pou demontre teknik koub la

☐ Peny pou koupe, peny pou tout bagay, oubyen peny ki gen ke (ou ka itilize yon peny pou cheve tou pou cheve ki pi epè)

☐ Klips pou koupe cheve (ou ka itilize yo pou modèl ki gen cheve ki pi long) - se yon opsyon

☐ Razwa dwat ak lam ki ka chanje (pou itilize san lam razwa)

☐ Tondez ak pwoteksyon/peny

☐ Lam - #1 oubyen pi ba obligatwa

☐ Dezenfektan an spre EPA apwouve

☐ 3 sèvyèt pwòp - se yon opsyon

☐ Krèm pou fè bab

☐ Poud talk

☐ Sèvyèt pou vlope (pou retire poud talk)

☐ Ti moso twal pou kou (mouchwa) ak/oswa sèvyèt

☐ Ti bale ak pèl (obligatwa)

Rasaj (Demontrasyon) – Pwal sou figi (15 minit)

☐ Omwen 2-3 sèvyèt pwòp (15” x 25/26”) – nesesè pou demonstrasyon vapè

☐ Boutèy dlo spre ki deja ranpli (pou mouye/imidifye sèvyèt vapè)

☐ Razwa dwat ak lam ki ka chanje (pou itilize san lam razwa)

☐ Mous/krèm pou raze

☐ Sèvyèt sèvis pwofesyonèl ki ka jete

☐ Luil adousisan/krèm anvan razaj - se yon opsyon

Masaj nan figi (10 minit)

☐ 3 sèvyèt pwòp oswa plis (15" 25/26") nesesè pou demonstrasyon vapè a.

☐ Boutèy dlo spre ki deja ranpli (pou mouye/imidifye sèvyèt vapè)

☐ Krèm masaj (nan veso, make ak kalite ak non pwodui a)

☐ Krèm netwayaj (nan yon veso ki gen etikèt ki gen kalite ak non pwodui a)
☐ Poud talk
☐ Sèvyèt sèvis pwofesyonèl ki ka jete - se yon opsyon
☐ Yon ti kontraksyon - se yon opsyon

Netwayaj Espas Travay (5 minit)

☐ Sak plastik anplis pou transpòte mannken an (se yon opsyon)
☐ Ti bale ak pèl (obligatwa)
☐ Solisyon dezenfektan EPA apwouve nan anbalaj orijinal ki gen etikèt la (li ka likid, spre, ti sèvyèt mouye, elt.) –
☐ Dezenfektan pou men ki gen 60% alkòl oswa plis (nan boutèy/dispansè orijinal oswa nan pake a) – pou itilize anvan w kite egzamen an